

Wason
Ser. No. 558
QC925.5

Hargana f 0.15

15 C93
1922

ASIA

BOEDJAN DJEUNG GĚLAP

KARANGAN

H. Ch. CROES

Make 8 gambar

UITGAVE VAN DE COMMISSIE
VOOR DE VOLKSLECTUUR

KALOEARAN

BALE POESTAKA

Wasm

QC 925.5

I5 C93

1922

CORNELL
UNIVERSITY
LIBRARY



Cornell University Library
QC 925.5.I5C93 1922

Hoedjan djeung gelap /



3 1924 024 041 877

ech

erie No. 558

Hargana f 0.15

HOEDJAN DJEUNG GĚLAP

KARANGAN

H. Ch. CROES

DISOENDAKEUN KOE

M. S. TJAKRA PRAWIRA

Make 8 gambar.



**KALOEARAN
BALE POESTAKA**

DRUKKERIJ VOLKSLECTUUR — WELTEVREDEN 1922.

W. G. 177

PASAL I.

Tina hal hoedjan.

BOEBOEKA.

I. Lamoen koe oerang diingëtkeun, di doenja teh pirang-pirang kadjadian anoe matak heran ka oerang, djeung anoe oerang teu njaho naon sababna. Tatapi koe ihtiarna noe palalintër, ajeuna geus loba pisan kadjadian-kadjadian anoe kanjahoan sababna atawa lantaranana.

Pangirana djalma anoe bodo atawa anoe pondok-heurëut, eta kadjadian-kadjadian teh djidjieunan djoerig atawa djin.

Tjontona:

Aja doea sinjoh. Dina hidji poë maranehna moro. Koe lantaran harita teh keur meudjuehna panas poë, eta doea sinjoh teh kesangan loeot-leet, nëpi ka papakeanana djibroeg.

Ti dinja toeloej baralik.

Ari djalan anoe kasorang koe maranehna teh meuntas hidji waloengan, tjaina herang toer tiis.

Barang maranehna nëpi ka sisi eta waloengan, toeloej bae marandi, koe lantaran teu koeat koe hareudang.

Hěnteu sabaraha lilana ti waktœe daratang ka imahna, eta doea sinjoh garěring pajah pisan, něpi ka doktor oge meh teu bisaean ngoebaran.

Djongos djeung baboena njarangka, jen panjakitna eta doea sinjoh teh koe lantaran „kabadi”, sabab eta waloengan angkěr, tangtœe djoerig noe ngageugeu di dinja, ngamběk, koe lantaran tjaina diparake mandi. Soepaja noe gěring tea tereh tjageur, kœdoe mitjeun antjak ka eta waloengan, sarta kœdoe siděkah, pikeun ngaleungitkeun amběkna eta djoerig.

Djalma noe bodo mah meureun těroes pěrtjaja bae kana sangkaan eta babœe djeung djongos teh, dikirana ěnja kitœe.

Lamoen bapana eta doea sinjoh tea hidji djělěma anœe bodo djeung pěrtjaja kana bid'ah mah, meureun nganděl kana eta omongan, sarta meureun nitah mitjeun antjak djeung siděkah, moal menta toeloeng ka doktor.

Hadena bae eta toean teh pikiranana lain kitœe, andjeunna njaho sarta ngarti, jen mandi dina waktœe oerang keur kesangan teh hěnteu hade, sabab awak anœe keur panas lamoen kagěntak katiisan, sok asœep angin, nja matak moeriang tea.

Sarerea tangtœe geus ngarasa, lamoen oerang keur kesangan, nangtoeng di panto, tangtœe oerang asœep angin atawa salesma. Koe lantaran eta, oerang kœdoe geuwat² neang doktor, soepaja dioebaran koe œebar „asœep angin”, něpi ka tjageurna.

Sanggeus eta doea sinjoh tjageur deui, rěměn ngěbak deui dina eta waloengan, tapi maranehna hěnteu katěrap moeriang deui, geuning!

Djadi koe sabab eta, tetela pisan, jen panjakitna bareto teh lain koe lantaran diheureujan koe djoerig (kabadi).

Lamoen ěnja oge eta waloengan angkĕr sarta di-geugeu koe djoerig, sapĕrti omongan baboe djeung djongos tea, naha atoeħ naon sababna anoe matak eta sinjoh waktōe mandi mimiti kabadi, ari kadoea djeung katiloe kalina hĕnteu kitoe-kieu?

Lain kalakoeanana eta sinjoh² teh dina waktōe mandi, kadoea atawa katiloe kalina saroea bae djeung basa mandi mimiti?

Koe lantaran eta lamoen oerang ngadenge tjarita atawa bedja, oelah oedjoeg² pĕrtjaja bae, tapi koedoe dipikir heula, saroeakeun atawa bandingkeun djeung sagala roepa pĕrkara anoe geus kanjahoan koe oerang. Soepaja oerang bisa njaroeakeun atawa ngabandingkeun, pĕrlōe pisan oerang ngarti sarta njaho kana roepa² kadjadian, sarta bisa ngira², naon noe djadi lantaran djeung koemaha tĕmahna.

Ieu di handap koe sim koering ditjaritakeun sagala pĕrkara anoe patjantel djeung kadjadian hoedjan djeung gĕlap.

II. Naon anoe patjantel djeung hal hoedjan teh?

Samemeh hoedjan ilaharna langit teh sok mĕndoeng, katoetoep koe mega, beuki lila beuki kandĕl, toeng-toengna gĕr bae hoedjan.

Sanggeus rada lila, eta mega teh leungit deui.

Barang tjoer hoedjan atawa waktōe hoedjan tatjan lila, tangtōe aja angin ngagĕlēboeg.

Naon ari anoe disĕboet halimoen atawa mega teh?

Saénjana halimoen atawa mega teh saroea bae; lamoen katembongna handap (pikeun oerang pagoenoengan) di-séboetna halimoen, lamoen katendjo di loehoer ngaranna mega; sakapeung mega teh roepana hideung.

Tjindékna mah mega djeung halimoen teh saroea keneh bae.

Lamoen hidji djéléma leumpang di goenoeng anoe pinoeh koe halimoen, tangtoe beungeutna, leungeunna djeung soekoena anoe hěnteu katoetoeapan koe papakean, kabeh baraseuh sarta lila-lila piñoeh koe tjai tingka-rětjlak siga kesang.

Nja kitoe deui lamoen hidji barang diteundeun dina hidji těmpat anoe pinoeh koe halimoen, lila-lila tangtoe baseuh; sabalikna lamoen teu aja halimoen, tangtoe mo kadjadian kitoe.

Djadi koe lantaran eta tetela pisan, jen hali-moen teh saénjana mah kěképroel tjai atawa tjai ngěproel.

Ana kitoe omongan djéléma anoe geus ngarasa ngawang-ngawang make kapal ngapoeng, běnr pisan; tjek manehna, lamoen geus něpi ka loehoer sarta toeloej asoep kana mega, di dinja manehna bisa nangen, sagala pakakas atawa barang-barang noe aja di djěro kapal ngapoeng baraseuh. Anoe make tasma, katjana baseuh, siga pisan anoe diteundeun dina saloehoereun aseupan anoe keur dipake njangoe.

Pangira sim koering di antara anoe maratja ieu boekoe, aja anoe nanja, koe naon sababna noe matak di langit aja tjai?

Lamoen kěproel tjai tea gěde, tangtoe ragrag ka boemi, nja djadi hoedjan.

Tapi lamoen eta kéképroel tea leutik mah, tjara kéképroel tjai tina tjoeroeg atawa pantjoeran, tina lalautik-na népi ka katendjona teh ngalanggang di awang-awang sababaraha lilana; lamoen ngoempoel eta kéképroel teh népi ka djadi këtjlak, tangtoe pisan ragragan.

III. *Ti mana asalna eta kéképroel tjai teh?*

Soepaja oerang njaho kana hal eta, oerang koedoe ngawaskeun heula tjai anoe njamboeang anoe djadi këntél.

Hidji wadah anoe leah dieusi tjai, diteundeun di noe panas, sanggeus sawatara lilana eta tjai tangtoe ngorotan atawa saat pisan.

Lantaran eta tjai kapanasan, njamboeang djadi saab tjampoer djeung hawa, tapi koe oerang mah hěnteu katembong.

Tjai bisa oge djadi saab, lamoen koe oerang ditaheur, oepamana:

Oerang naheur tjai dina katel atawa parioek; lamoen eta parioek atawa katel tea hěnteu ditoetoepan, lila-lila tjaina saat, njamboeang djadi saab.

Samping, badjoe atawa papakean anoe baseuh, lamoen dipoěkeun di noe panas, lila-lila toehoer, sabab tjai anoe aja dina eta papakean tea njamboeang djadi saab, koe lantaran kapanasan koe panasna panonpoě tea.

Tjai tereh njamboeangna, lamoen gěde angin atawa diteundeun dina těmpat anoe roebak.

Eta sababna anoe matak tjai dina wadah anoe leah tereh saat djeung papakean baseuh anoe dibeberkeun di noe panas, tereh toehoer; djadi:

Lamoen aja tjai 2. tjatjangkir, anoe satjangkir di kana-botolkeun, anoe satjatjangkir deui dikana-piring-

keun, eta botol djeung piring, doeanana teundeun di noe panas, tangtoe pisan tjai anoe dina piring, leuwih tereh saatna, ti batan anoe dina botol.

Nja kitoe deui samping anoe dipoëkeunana dibeberkeun, leuwih tereh toehoerna tinimbang anoe diloemboekkeun. Hal ieu geus kapaham koe toekang-toekang minatoe, nadjan tatjan dialadjar elmoe alam oge, sabab geus karasaeun koe maranehna.

Di loehoer koe sim koering geus ditjaritakeun, jen tjai saparioek teh lila-lila bisa saat njamboeang djadi saab lamoen ditagogkeun; ana kitoe tetela pisan jen tjai bisa djadi saab lamoen kapanasan; nja kitoe deui sabalikna, eta tjai moal daekeun njamboeang djadi saab, lamoen henteu kapanasan.

Oepama tjai dina piring koe oerang diteundeun dina tempat anoe tiis, sanggeus sawatara poë lilana koe oerang diteang deui, tangtoe katjiri tjaina rada tjélong. Djadi tjai anoe njamboeang, djadi saab teh lamoen teu kapanasan mah ngan saeutik pisan.

IV. Njamboeangna tjai teh tēroes ka awang-awang, patjampoer djeung hawa, sabab hawa bisa ngampihan saab.

Naha lobana saab anoe diampihan koe hawa aja watēs-wangēna?

Naha awang-awang teh salawasna bae beunang di-eusian koe saab?

Naha teu aja watēsna?

Koemaha tēmahna, lamoen awang-awang loba teuing ngampihanana saab?

Awang-awang koe oerang beunang dioepamakeun.

wadah tjai anoe eusina aja .oekoeranana, sarta ngan beunang dieusian sakitoe.

Lamoen eusina kalobaan teuing, tangtoe tjaina moedal.

Nja kitoe deui awang-awang bisa ngampihan saab, ari lobana atawa saeutikna noeroetkeun toevoer- djeung panasna.

Awang-awang anoe panas, bisa ngampihan saab leuwih loba ti batan awang-awang anoe tiis. Lamoen saab anoe aja di awang-awang tea kalobaan teuing, tangtoe moedal saperti tjai anoe diwadahan tadi tea.

Opamana awang² ngan bisa ngampihan 8 M³, toeloej di eusi 9 M³, tangtoe anoe 1 M³ djadi tiis, hartina eta saab robah djadi keproel tjai, lila² koempoel djadi hidji, toeloej ragragan.

Kieu katéranganana:

Hidji wadah anoe rekep pisan dieusi hawa oepama 1 d.M³, eta wadah koe oerang dieusian saab. Mimitina mah henteu katembong naon², sabab hawa anoe 1 d.M³ teh bisa ngampihan saab anoe tadi diasoepeun tea; tapi lamoen saab anoe diasoepeun kana eta wadah dihantem bae ditambahan, lila² eta wadah koe oerang katembong baseuh, djeung di djérona aja tjai. Lamoen téroes bae koe oerang diasoepeun saab, tjaina beuki loba, lila² ngalobaanana eureun koe maneh, temahna eta tjai teh koempoel sarta téroes ragragan.

Lamoen eta wadah dipanasan, sanadjan hawa anoe di djéro eta wadah angger oge 1 d.M³, bisa ngampihan saab leuwih loba; tapi lamoen eta hawa, tiis, kakoeatanana ngampihan saabna oge, ngoerangan.

Ieu di handap aja tjetetan, meunang noekil tina itoengan djeung papariksaan anoe palintër sarta disëboetkeun nepi ka sababaraha; 1 M^s hawa, bisana ngampihan saab, lamoen panasna saperti anoe ditoelis di handap:

Panasna:

0°
5°
10°
15°
20°
25°
27°

Lobana saab:

5,6 Gram
6,8 "
9,4 "
12,7 "
17,1 "
22,8 "
25,5 "

V. Saha² anoe geus ngarti kana patokan anoe kasëboet di loehoer, tangtoe ngarti oge naon anoe ngadjadikeun hoedjan.

Tadi di loehoer disëboetkeun jen hawa teh bisa ngampihan saab, aja noe loba aja noe saeutik. Angin anoe salawasna ngahiliwir, eta teh njokot saab atawa nganteuran.

Koe lantaran angin, saab anoe aja dina hidji tēmpat bisa nambahan atawa ngoerangan.

Angin laot mawana saab loba, djadi nambahan saab di tēmpat² anoe kaliwatan koe eta angin; ari angin darat mah ngan saeutik pisan mawana saab teh.

Kawoewoehan angin darat teh ilaharna panas, djadi hawa anoe didatangan koe eta angin tambah panas. Koe sabab eta hawa anoe katangan koe angin darat, beuki lila beuki koeat bae ngampihanana saab, (saroakeun djeung tjetetan anoe di loehoer).

Lamoen dina hidji tĕmpat, saab anoe aja dina hawa tea nambahan, nĕpi ka noeroetkeun panasna eta hawa teh hĕnteu bisa ngampihan deui saab, tangtoe pisan saab anoe sawareh robah roepana, djadi kĕproel tjai, nja eta anoe dingaranan mega atawa halimoen tea.

Lamoen panasna hawa ngoerangan, tangtoe kĕproel tjaina tea nambahan.

Kĕproel tjai tea beuki lila tambah gĕde, djadi kĕtjlak, toengtoengna ragragan.

Ari hawa djadina tiis, koe lantaran meunang angin tiis, atawa koe sabab deukeut ka poentjak goenoeng.

Noeroetkeun anoe kasĕboet di loehoer, lobana djeung saeutikna hoedjan teh, koemaha panasna hawa atawa koemaha lobana saab bae.

Koe sabab eta tjai teh koe oerang beunang dioepa-makeun kintjir anoe salawasna moentir ka loehoer ka handap; tjai, laoet, talaga, rawa dj. s. t. njamboeang djadi saab, lantaran kapanasan koe panonpoĕ; eta saab lamoen katiisan djadi tjai deui, nja eta hoedjan, ngagantian tjai: laoet, talaga, rawa, waloengan dj. s. t. anoe tadi njamboeang djadi saab tea. Koe hal eta, oerang teu koedoe risi, di doenja bakal kakoerangan tjai!

VI. Noeroetkeun tjarita anoe di loehoer tadi, babari pisan lamoen oerang rek nĕrangkeun sagala kadjadian anoe patjantel djeung hoedjan atawa djeung mega.

Sakapeung ari isoek oerang sok nendjo halimoen di sawah. Lamoen panonpoĕ geus loehoer, eta halimoen leungit deui; kieu sababna:

Ti peuting panonpoĕ teu katembong, boemi tiis, hawa di boemi oge tiis; koe lantaran tiis, hawa teh

hěnteu bisa loba ngampihanana saab. Saabna anoe aja, tiis djadi halimoen. Lamoen panonpoë geus loehoer, hawa teh djadi panas, bisa ngampihan saab tea. Kitoe sababna noe matak eta halimoen teh leungit.

Sore-isoek, poentjak goenoeng dilampoed koe mega, Naon sababna?

Katěrangana saroea djeung anoe kasěboet di loehoer, nja eta boemi ari ti peuting tiis; hawa oge miloe djadi tiis, saab oge miloe tiis, nja ieu anoe ngadjadikeun halimoen (katendjo di goenoeng) atawa mega (lamoen katembong ti tanah rata) teh.

Ieu di handap ditěrangkeun hidji pěrtjobaan pikeun ngaboektikeun jen eta tjarita anoe di loehoer teh bėnėr.

Hidji gėlas dieusi tjai tapi teu pinoeh, diasoeapan es sagoeroentoel, oelah sina nėpi ka moedal tjaina.

Teu sabaraha lilana oerang nendjo di loeareun eta gėlas baseuh, tjaina njalangkroeng dina gėlas, beuki lila beuki gėde, nėpi ka ngotjor ka handap.

Ti mana asalna eta tjai anoe di loeareun gėlas teh?

Naha ti djėro gėlas kitoe?

Lain, sabab samemeh eta gėlas diesan, hěnteu bo-tjor; djadi tetela eta tjai teh asalna ti loeareun gėlas. Hawa teh ngampihan saab; koe lantaran es, eta hawa djadi tiis, nja saab anoe dina hawa tea djadi tjai deui, sabab hawa sanggeusna tiis teu pati koeat ngampihan saab.

Tjai anoe djadi saab tea napėl di loeareun gėlas (ieu dioepamakeun halimoen di loehoer goenoeng). Lamoen hawa tambah tiis, ngotjorna eta tjai tambah gėde (ieu dioepamakeun hoedjan).

Hal gëlas anoe ditjaritakeun bieu, beunang dioepa-
makeun mega djeung hoedjan.

Saha-saha anoe geus ngarti kana përkara anoe geus
ditjaritakeun di loehoer, koedoe daek neangan sorangan,
naon sababna kadjadian di handap ieu :

Lamoen hatong kareta api disada, koe oerang ka-
tembong aja halimoen (haseup bodas) saeutik, tapi
hënteu lila leungit deui.

Djalma anoe toempak kareta api atawa trem, sarta
dioekna deukeut kana hawoena, beungeut atawa pa-
pakeanana rëmën ngarasa kakëproelan tjai.

Naha ari mega salawasna tangtoe djadi hoedjan?

Naon sababna noe matak mega hënteu djadi hoedjan?

Djeung koemaha sababna anoe matak mega lamoen
katëbak angin géde sok tara djadi hoedjan?

Angin anoe mana, anoe ngadatangkeun hoedjan?
Angin laeet atawa angin darat?

Sagala katëranan anoe hënteu saroea djeung tjarita
di loehoer tadi atawa anoe teu haharti koe akal, oelah
dipërtjaja.

VII. Di Poelo Djawa atawa di poelo-poelo Hindia-
Wetan, loba pisan djalma anoe baroga toembal atawa
djampe paranti ngadatangkeun hoedjan, rea oge anoe
barisa njarang.

Dina ieu boekoe koe sim koering rek ditjaritakeun
saeutik tina hal eta toembal.

Mangke noe matja bisa ngabandingkeun djeung tja-
rita-tjarita anoe tadi.

Di Banjoemas djeung di Këdöe, geus ilahar pisan
djëlëma oerang dinja njarieun *Towong* (*Towok*) pikeun
ngadatangkeun hoedjan.

Di Tëgal, eta *Towok* disëboet „*minta-minti*”. Nini *Towok* teh hidji gajoeng diwëdakan koe tipoeng atawa wëdak biasa, diroepakeun beungeut djëlëma, sarta di-papaesan koe mangle djeung boboreh, toeloej gagangna diasoepeun kana boeboe, minangka awakna. Eta boeboe ditapëlan sapoe pare opat beungkeut pikeun leungeunna.

Sanggeus kitoe, eta nini *Towok* teh dipitjeun ka makam (koeboëran) anoe disarangka angkër, lilana 3 atawa 7 peuting.

Dina waktos tjaang boelan eta nini *Towok* ditjokot deui; awakna ditalian koe karembong, ditjékël koe 2 — 4 djëlëma, diteundeun di loehoereun anglo, dikoe-koesan make mënjan, sarta nitah sababaraha baroedak parawan disina nëmbang, dibaroeng koe sora tata-beuhan. (Ari tatabeuhanana, nja eta: landjam, boe-joeng djeung hihid. Ari anoe nabeuhna biasana awewe anoe ngarora keneh); maksoedna ngondang nini *Towok*.

Ari nini *Towok* teh nja eta widadari anoe ngoeroes hoedjan, tjénah.

Lamoen eta nini *Towok* oja, tandana geus kasoe-roepan widadari, sarta moal sabaraha lilana oge hoedjan, tjénah.

Ieu përkara pikeun djëlëma anoe pandjang pikiranana mah, meureun matak bidjil pikiran kieu: „Naha ënja nini *Towok* teh bisa ngajakeun hoedjan?”

Sanadjan eta djalma anoe boga pikiran kitoe teh tatjan loba kanjahona, sarta tatjan loba loeangna, tapi pikiranana anoe disëboetkeun tadi, koedoe dipikir kalawan bënëh (sampoerna).

Di loehoer geus ditjaritakeun, jen dina hawa teh aja saaban anoe asalna tina tjai laoet, talaga, rawa dj. s. t.

Koe lantaran saab teh beuki lila beuki loba toer tiis deui, nja toeloej robah djadi mega; lamoen beuki tiis bae, tēmahna nja djadi hoedjan.

Naha koemaha pibisaeunana, aja bēbégig, saperti nini *Towok*, bisa ngarobah papasten Goesti Allah?

Nini *Towok* teh djidjieunan manoesa, lain?

Teu kaharti koe akal, lantaran manehna teh (nini *Towok*) hēnteu patjantel saeutik-eutik atjan djeung pērka mega atawa saab noe aja di awang¹.

Koe naon hēnteu maledogkeun batoe bae ka hateup, soepaja hoedjan, montong njieun nini *Towok*, kahesehese.

Nawon bedana ngagajoeuh hoedjan koe nini *Towok* djeung koe maledogkeun batoe ka hateup?

Rasa sim koering saroea bae. ¹⁾

¹⁾ Di sawareh tēmpat, baroedak ngarawih atawa aroelin, maksoedna njarang, tjēnah.

Aja deui sarat pikeun njarang teh, (pikeun djēlēma anoe keur njanjabaan atawa keur aja di nagara batoer). Kieu tjēnah:

Lamoen manehna di djalana papanggih djeung djēlēma, toeloej ditanja: „Naha maneh hēnteu papanggih djeung noe reuneuh?” Lamoen ditembalan: „Hēnteu,” tangtoe moal hoedjan. Tapi lamoen didjawab: „Ēnja, tadi papanggih,” eta saratna koedoe ditembalan deui: „Mana, rēsēp kana beuteungna!”

Tembal kitoe teh, bisa njarang hoedjan, tjēnah.

Lian ti eta pikeun djalma anoe leuleumpangan, aja deui paranti njarang sangkan oelah hoedjaneun, nja eta koedoe njokot karikil sakoemaha bae, tēroes kandoeng, bari ngomong kieu: „Lamoen ieu karikil tatjan ragrag, oelah waka hoedjan.”

Koe sabab katjida pērtjajana kana bid‘ah, nēpi ka manehna nētēpkeun, lamoen eta karikil masih aja dina kandoenganana mah, tangtoe moal hoedjan.

Aja deui akal manoesa pikeun ngadatangkeun hoe-djan; oepama di Madioen, koe oetjing hideung.

Lamoen geus lila henteu hoedjan², oerang dinja narèangan oetjing hideung; eta oetjing dibawa ka sirah tjai.

Di dinja eta oetjing ditjékélan bae, di mana disada, toeloej dilélépkeun kana eta tjai, népi ka paehna.

Noeroetkeun kapértjajaan oerang dinja, moal saba-raha lilana oge, malah sakapeung mah harita keneh oge tangtoe hoedjan.

Kalakoean kitoe teh henteu sabaraha bedana djeung kamandjoeran nini *Towok* tea.

Pati oetjing teh, henteu matak nambahan saab, atawa ngoerangan panas atawa ngobahkeun djalanna angin anoe mawa saab tea.

Lamoen pati eta oetjing hideung boga kakoeatan ngadatangkeun hoedjan, tjek pangira sim koering, batoe bodas atawa kalapa hedjo anoe dipitjeun ka djéro tjai oge, tangtoe boga pérbawa kitoe. ¹⁾

Sarat anoe diséboet di loehoer, lamoen dibandingkeun djeung katérangan tina hal hoedjan, matak teu kaharti koe akal. Sageuj! Moestahil!! Pirakoe!!!

Koemaha rek kahartina koe akal atoe, da moestahil kakawihan djeung omongan anoe saroepa kitoe bisa njégah kana pangérsa Allah.

Ah, eta mah teu kaharti!

¹⁾ Pérkara njiksa maehan sato anoe tanpa dosa, eta teu meunang pisan. Allah ta'ala henteu idin, nagara oge ngalarang. Saha² noe ngarémpak larangan Allah, eta djalma kabéndon koe Allah. Saha² noe kabéndon koe Allah, moal dikaboel pamentana koe Allah.

Ana kitoe moestahil pisan djalma anoe maehan oetjing tanpa dosa baris dikaboel pamentana soepaja hoedjan! Rasa sim koering moal!!

TJAKRA PRAWIRA.

Aja deui akal oerang Madioen pikeun ngadatangkeun hoedjan, nja eta hidji boedak awewe disina ngaloengkeun badjoena ka hateup, toeloj nangtoengkeun sapoe dina taneuh, sina tibalik (gagangna di handap, tjongona ka loehoer), direndengkeun djeung batok dieusi lěboe, djeung haloe digolerkeun di dinja.

Ieu pėrkara saroea bae djeung pėta nini *Towok* tea.

Sarat pikeun njarang hoedjan, noeroetkeun kanjaho sim koering mah kieu:

Toembak poesaka warisan ti karoehoen diatjoengkeun ka langit, bari dikoekoesan koe mēnjan, sarta make sisihan anoe dieusi sangoe, laoek, kėmbang, boboreh dj.s.t.

Kalakoean kitoe teh saroea bae djeung akal ngadatangkeun hoedjan make nini *Towok* tea.

Doeanana hēnteu aja gawena, sabab hēnteu aja hidji djělėma anoe bisa ngajakeun atawa njarang hoedjan, lian ti Allah ta'ala koe andjeun!

Allah hēnteu beunang diparentah koe nini *Towok* atawa koe toembak!!

VIII. Ajeuna aja pananja kieu: „Naha djělėma aja noe bisa ngadatangkeun atawa njarang hoedjan?

Tjek pangira koering, ieu doea pėrkara moestahil bisa dipigawe koe manoesa, karana hēnteu aja hidji djělėma anoe bisa marentah angin atawa panas, lian ti Allah!

Bēnēr noe palintēr bisa njėboetkeun baris hoedjan atawa hēnteu, tapi kitoe oge make pakakas pikeun mariksa djalanna angin, pakakas pikeun nganjahokeun loba-saeutikna saab dj.s.t. Tapi sakapeung taksiranana teh sok njalahan, lantaran aja roepa² pėrkara anoe matak robah kana kaajaanana hoedjan.

Hoedjan djeung gėlap.

Di nagara Walanda loba panggoeng paranti mariksa hawa; hasilna eta pamariksaan, noe palintër bisa një-boetkeun pikeun aja angin djeung ti mana datangna.

Hal eta pamariksaan, ëngke di hareup koe sim koering ditjaritakeun.

Oepama eta angin datang ti darat, tangtoe moal bisa mawa hoedjan.

Lamoen oerang ngingëtkeun kana panasna hawa biasana, tēroes dibandingkeun djeung panasna hawa waktōe harita, tangtoe bisa ngira, naha panasna hawa teh baris nambahan atawa bakal ngoerangan.

Koe sabab eta koe oerang bisa kanjahoan rek hoe-djan atawa moal.

Oepama angin ngagëlëboeg ti laoet sarta panasna hawa tea ngoerangan, tangtoe bakal hoedjan; tapi sanadjān datangna angin ti laoet oge, ari panasna hawa nambahan mah, eta tatjan tangtoe baris hoedjan.

IX. Sok radjeun aja djëlëma anoe ngakoe boga toemba bisa ngagajoeuh hoedjan atawa bisa njarang.

Djalma anoe kitoe oelah pisan koe oerang dipértjaja, sabab manehna hēnteu bisaen niiskeun atawa manaskeun saab di awang².

Ari tjai bisana njamboeang djadi saab teh, koe lantaran panasna panonpoë.

Djëlëma bodo bisa oge njëboetkeun, jen djëlëma anoe ngakoe² bisa ngagajoeuh hoedjan djeung bisa njarang teh, taja lian, ngan arek matjikeuh bae.

Djalma anoe ngakoekeun bisa kitoe, geus njahoëun, jen loba djalma anoe pértjaja kana bid'ah.

Kamashoeran djeung kamandjoeran toemba, manehna pribadi anoe ngoear².

Djëléma anoe përtjaja kana eta omongan, ngaban-toean nërëkabkeun eta bedja, malah sok ditambahan, asal sadjeungkal djadi sadeupa.

Teu sabaraha lilana, djëléma² sanagara eta, taloek djeung sieun koe manehna.

Nja waktöe harita maksoedna si toekang giringsing teh hasil, bisa ngalilito noe barodo anoe përtjaja kana eta bid'ah tea.

PASAL II.

Tina hal gélap.

I. Oerang sarerea geus njaraho kana: hoedjan, angin, kilat djeung gélap; dina waktos eta oerang ngarasa hawatir djeung sieun, lain?

Tapi tjarang anoe boga ingétan atawa mikir: „Naon ari kilat teh? Ti mana asalna gélap? Setan atawa djin eta teh? Naha saroepa bae djeung hoedjan, angin atawa noe sedjen?”


Tadi sim koering geus njaritakeun, naon² anoe ngadjadikeun hoedjan djeung sakabéh perkara anoe njamboeng ka dinja.

Lamoen eta hal geus njaangan kana pikir oerang, ajeuna koering rek njaritakeun tina hal gélap, kilat djeung salian, noeroetkeun paméndakna anoe palintér.

Sameméh sim koering nerangkeun eta perkara, sim koering rek nerangkeun heula bab electriciteit (hawa listrik).

II. Hidji sempurong lampoe koe oerang kosok koe soetra sing bédas.

Sanggeus rada lila eta sempurong dikosokna, tangtos ngabogaan kakoeatan anoe matak ngaherankeun ka oerang, nja eta bisa narik kertas anoe laeutik, atawa barang anoe hampang, kajaning: léboe, kai gaboes anoe meunang ngureutan dj. s. t.




Gambar gëlap di masigit Dëmak.

Lamoen oerang arek ngadjadjal, koedoe neangan heula gëlas atawa sëmprong lampoe anoe ipis, sabab lamoen anoe kandël mah, sok rëmën gagalna ; eta gëlas koedoe toehoer pisan.

Koe sabab kitoe hadena pisan mah eta gëlas teh koedoe dideang heula atawa diteundeun dina bola-bola lampoe anoe meunang njeungeut.

Samemeh eta gëlas dikosok koe soetra, hënteu ngabogaan bakat njérot.

Djadi tetela pisan, jen eta gëlas ngabogaanana ka-koeatan kitoe sarta bisana narik barang² noe laleutik teh, koe lantaran dikosok koe soetra heula. Eta ka-koeatan diséboetna „*electriciteit*”. Tapi *electriciteit* anoe aja dina sëmprong teh, ngan sakeudeung pisan ajana, ti dinja mah toeloej leungit deui bae.




Lian tina gëlas djeung soetra anoe bisa ngajakeun *electriciteit* teh, aja deui nja eta eboniet ⁽¹⁾ dikosok koe koelit oetjing atawa ëlak, dikosok koe kaen panas.

Eboniet djeung ëlak teh bisa narik oge barang anoe hampang, tapi kakoeatanana tereh leungitna.

¹, Eboniet teh teuas, didjieunna tina karet (caoutchouc) ditjampoeran koe walirang; njeunna, eta karet djeung walirang teh dipanasan heula koe seuneu, nëpi ka panas pisan.

Roepa eta eboniet kawas galeuh djohar, ngan hënteu herang.

Ari electriciteit anoe asal tina gélas djeung tina eboniet, beda kaajaanana.



Gélas A sanggeus dikosok koe kaen panas, ditoempangkeun kana toengtoeng djaroem, lamoen katoél saeutik oge, toeloej inggeung.

Oepama dideukeutan koe salah sahidji toengtoeng eboniet anoe geus dikosok koe koelit oetjing, tangtoe eta 2 barang silih tarik.

Lamoen A dideukeutan koe B, toeloej inggeung noeroetkeun djalanna panah, nja eta ngadjaoehan B.

Ajeuna A djeung B dikosok deui, sabab electriciteit anoe tadi geus beak. Geus kitoe B deukeutkeun kana salah sahidji toengtoeng A, tangtoe A inggeung (ojag) noeroetkeun djalanna B, djadi A ditarik koe B.

Aja 2 eboniet anoe meunang ngosok koe kaen panas, anoe hidji ditoempangkeun kana djaroem saperti gambar anoe di loehoer; ti dinja oerang ngadeukeutkeun deui

eboniet noe sedjen, tangtoe eta 2 eboniet silih tarik. Lamoen toengtoeng eboniet anoe tadi diantélan koe gëlas anoe dikosok koe kaen panas, eta eboniet silih tarik deui.

Ajeuna tetela pisan, jen electriciteit-gëlas teh beda djeung electriciteit eboniet.

Barang anoe aja electriciteitna sarta saroea roepana sok silih tarik, oepama: electriciteit gëlas djeung electriciteit gëlas, atawa electriciteit eboniet djeung electriciteit eboniet.

Anoe sedjen roepana, tapi sok silih tarik, nja eta oepama: electriciteit gëlas djeung electriciteit eboniet.

Doea barang anoe sedjen electriciteitna, lamoen koe oerang dideukeutkeun, electriciteitna leungit, siga pisan eta electriciteitna teh koempoel ngadjadi hidji.


Sawareh barang ngabogaan electriciteit, tapi aja oge noe hënteu ngabogaan. Émas, beusi, tamaga dj. s. t., sakoer barang tambang, eta pada teu ngabarogaan electriciteit.

Mahloek anoe hiroep, tjai, barang anoe beueus dj. s. t., kaasoepp oge kana barang anoe teu ngabogaan electriciteit.

Gëlas, eboniet, kaleng dj. s. t. hënteu bisa ngadjalankeun electriciteit, tapi beusi, émas dj. s. t. bisaen ngadjalankeun.

Bola koeningan koe oerang golerkeun dina loehoer tihang leutik anoe didjieun tina gëlas. Lamoen oerang ngadeukeutkeun barang anoe ngabogaan electriciteit kana eta bola tea, tangtoe eta bola katërapan electriciteit.

Salilana eta bola deukeut djeung barang anoe tadi mah, henteu pětot-pětot ngabogaan electriciteit.



Ari electriciteit anoe aja dina bola koeningan tea beda-beda, noeroetkeun electriciteitna barang anoe dideukeutkeun bae.

Electriciteit anoe diajakeun koe barang anoe dikosok teh ngan saeutik pisan; lamoen oerang hajang electriciteit loba, koedoe make pakakas.

Electriciteit teh beunang dikoempoelkeun atawa diampihan, oepama: diteundeun dina bola koeningan anoe tadi tea.

Lamoen koe oerang diantélan ramo, katembong saperti seuneu ngagébos kana ramo oerang.

Kieu katéranganana:

Eta bola ngabogaan kakoeatan (electriciteit), ari tjoeroek oerang anoe dideukeutkeun ka dinja meunang kakoeatan ti dinja, henteu beda djeung barang anoe.

kaséboet tadi. Eta doea roepa electriciteit arek ngoempoel (sanjawa); koe lantara pakoempoelanana tea nja ngadjadikeun seuneu.

Oepama aja doea wadah noe didjieunna tina gélas, toeloej koe oerang dieusian electriciteit anoe beda kaaajaanana. Lamoen eta doea wadah koe oerang di-deukeutkeun, tangtoe eta electriciteit anoe doea roepa teh djadi sanjawa (ngoempoel).

Oepama eusina electriciteit dina eta doea wadah tea loba, tangtoe ngadjadikeunu seuneu sarta loeloentjatan (gëgëbosan) tina eta wadah kana wadah noe sedjen.

Pirang-pirang noe palintër geus ngadaramél pakakas pikeun ngampihan electriciteit. Lamoen eta pakakas direndengkeun, tangtoe electriciteitna anoe 2 roepa tea ngoempoel, nêpi ka ngadjadikeun këmbang api anoe njorotna leuwih ti 2 M, sarta ngadjadikeun sora anoe tarikna saperti sora kai baseuh dibeuleum.

III. Geus sababaraha ratoes taoen anoe palintër mikir sarta neangan akal pikeuu nganjahokeun hal gélap; lila-lila bisa oge nganjahokeun hal kaaajaan electriciteit, tapi hal gélap mah tatjan kanjahohan keneh bae.

Dina hidji waktos aja oerang Amerika anoe kasohor pintër, djénenganana *Franklin*; andjeunna kagoengan sangkaan, jen mega teh ngabogaan electriciteit; eta sangkaan andjeunna kitoe teh téros didjadjal, kieu:

Dina hidji poë langit angkeub katoetoepan mega, hidji tanda jen baris hoedjan gède, sarta dibaroeng koe sora gélap. Eta toean toeloej ngapoengkeun lang-lajangan. Barang eta langlajangan nêpi kana mega, toeloej toengtoeng bënang anoe koe andjeunna ditjépéng teh, digantelan sosis.

Mimitina mah, hěnteu katembong naon-naon; tapi barang eta tali geus baseuh, ramona eta toean toean diantělkeun kana eta tali. Harita keneh katembong aja seuneu ngagoerilap.

Koe hal kitoe, netelakeun, jen tali anoe baseuh teh bisa ngadjalankeun electriciteit.

Noeroetkeun katěranan anoe di loehoer, tjai teh bisa ngadjalankeun electriciteit.

Kadoea kalina toean *Romas* anoe ngadjadjal teh. Tali langlajanganana digoeběd koe kawat tamaga, lantaran tamaga mah bisa pisan ngadjalankeunana electriciteit.

Saharita keneh, sanadjan talina eta langlajangan tatjan baseuh oge, geus katembong seuneuan, ngagoerilap kana ramo.

Pěrtjobaan anoe kitoe katjida lalaworana, sabab lamoen di langit meudjeuhna loba electriciteit, tangtoe bisa ngajakeun seuneu anoe leuwih gěde.

Lamoen tjoeroek oerang dideukeutkeun, karasa njěri, sapěrti anoe dipěntjet tarik. Ti antara toean-toean anoe kasěboet di loehoer tadi geus maot saorang, lantaran papariksaan tina hal electriciteit. Dina hidji poě waktoe eta toean mariksa hal electriciteit, oedjoeg² aja seuneu ngagoerilap gěde pisan tina pakakasna kana salirana, něpi ka andjeunna němahan pati,

Eta seuneu anoe ngagoerilap sakitoe gědena teh saěnjana nja eta gėlap.

IV. *Naon saěnjana ari gėlap teh?*

Tadi geus ditěrangkeun, jen tjai waloengan, talaga, laoet dj. s. t. sok njamboeang djadi saab, koe lantaran panasna panonpoě.

Di mana eta saab katiisan, sok djadi mega atawa halimoen.

Djalma anoe palintër loba noe njarangka, jen këtjlakan tjihoedjan djeung mega teh pagesrek, nja ngadjadikeun electriciteit. Sakapeung eta mega ngampihan electriciteit loba pisan.

Di loehoer geus ditjaritakeun, jen hidji barang bisa dieusi koe electriciteit, lamoen dideukeutkeun djeung barang anoe dieusi electriciteit. Djadi lamoen aja mega anoe dieusi electriciteit ngadeukeutan mega anoe sedjen, tangtoe mega anoe kadoea oge kaeusian koe electriciteit, tapi electriciteitna beda djeung electriciteit anoe ti heula.

Sawareh barang anoe laloehoer, kajaning: moenara, tangkal randoe, leuweung dj. s. t., sok ngabogaan oge electriciteit, tapi electriciteitna beda djeung electriciteit noe aja dina mega.

Di loehoer koe sim koering geus ditërangkeun, jen electriciteit anoe beda² teh sok silih tarik.

Di mana eta doea roepa electriciteit teh tjampoer (sanjawa), tangtoe ngadjadikeun seuneu ngagoerilap laleutik.

Koe lantaran electriciteit dina mega tea loba, djadi seuneuna oge pandjang saperti goerat (garis) pandjangna nêpi ka 100 M, malah sok aja noe leuwih, anoe koe oerang disëboet kilat tea.

Djadi ana kitoe, anoe disëboet kilat teh nja eta seuneu saénjana mah.

•Eta kilat teh këbat tina hidji mega ka mega noe sedjen, atawa tina mega kana barang noe aja di boemi.

Kilat anoe nẽmboes tina mega kana mega deui, ěnja oge matak sieun, tapi hẽnteu matak njilakakeun ka oerang; ari anoe matak njilakakeun mah eta kilat anoe nẽmboes ka boẽmi, sabab kilat anoe kitoe teh, nja eta bangsa seuneu electriciteit anoe njilakakeun kana djiwana toean propesor anoe kasẽboet di loehoer tadi.

Kilat teh bisa maehan djalma atawa sato, ngadoeroek tatangkalan djeung imah.

Djalma anoe disambẽr gẽlap, sanadjan hẽnteu paeh oge, saloeur awakna sok leuleus: lamoen teu kitoe, leungeun djeung soekoena kemper.

Lamoen anoe disambẽr gẽlap teh taneuh, sok kadja-dian aja liang noe djẽrona nẽpi ka sababaraha metẽr. Koe lantaran panasna, eta taneuh sok mantjawaera atawa antjoer.

Kitoe sababna anoe matak sok liangan sapẽrti song-song atawa katoeng bẽling.

V. *Koemaha akalna sangkan oerang hẽnteu disambẽr gẽlap atawa bisa njingkiran eta katjilakaan?*


Mimitina oerang koedoe neangan akal, sangkan imah oerang oelah disambẽr gẽlap, lamoen bisa kitoe, oerang saimah-imah, bisa njingkiran katjilakaan koe lantaran disambẽr gẽlap.

Ari pakakasna pikeun njinglar gẽlap, koe basa Walanda disẽboetna „bliksemafleider” atawa „palajangan gẽlap”.

Anoe meunangkeun eta pakakas, nja eta toean *Franklin* anoe kasẽboet tadi.

Eta pakakas didjieunna tina 2-3 kawat anoe gẽdena sagẽde-gẽde ramo; toengtoengna eta kawat kabeh sa-

reukeut sarta koedoe leuwih loehoer tina woewoeng imah.



Eta kawat tina loehoer imah nepi ka djero taneuh; toengtoengna anoe di handap lalantjip. Soepaja oelah taihiangan, toengtoengna anoe di loehoer diboengkoes koe platina.

Naon sababna anoe matak pakakas „palajangan gëlap” bisa ngoerangeun atawa njinglarkeun bahja gëlap?

Sababaraha kali eta gëlap njambër barang anoe loehoer anoe deukeut kana mega, dina waktos hoedjan anoe dibaroeng koe gëlap dordar sarta anoe babari ngadja-lankeun electriciteit.

Lamoen mega anoe loba electriciteitna ngadeukeutan kana pakakas „palajangan gëlap” tea, electriciteit anoe aja di boemi ditarik, lamoen eta doea roepa electriciteit beda kaajaanana.

Electriciteit noe ti djëro taneuh ngoempoel dina toeng-toeng loehoer palajangan gëlap tea, nja di dinja eta doea roepa electriciteit tjampoerna (djadi sajangna). Ngoempoelna doea roepa electriciteit teh, aja doea djalan: kahidji, saeutik-saeutik sarta lalaoenan, kadoea, gantjang pisan.

Lamoen tjampoerna lalaoenan, hoeroengna seuneu noe aja dina toengtoeng palajangan gëlap teh leutik sarta hënteu matak njilakakeun.

Tapi lamoen tjampoerna gantjang mah, hoeroengna seuneu teh gëde, ngaléntab tina mega kana toengtoeng eta pakakas. Eta seuneu saénjana kilat, eta hënteu matak njilakakeun, sabab electriciteitna asoep kana eta pakakas, sarta tëroes dibawa ka djëro taneuh.

Djadi gawena palajangan gëlap teh aja 2 roepa: kahidji, ngoerangan lobana electriciteit noe aja dina mega, koe lantaran eta 2 roepa electriciteit anoe sa-njawa teh saeutik patjampoerna; kadoea njinglarkeun bahja gëlap njambër imah, sabab eta electriciteit di-tëroeskeun ka djëro taneuh.

Palajangan gëlap teh koedoe dipariksa sarta didjaga sangkan oelah taihiangan, sabab barang tambang atawa zat anoe taihiangan teh hënteu bisa nëroeskeun djallanna electriciteit.

Djadi lamoen eta pakakas taihiangan, matak njilakakeun pisan; koe lantaran eta, imah oerang bisa disambër gëlap.

Ana kitoe pakakas anoe taihiangan teh lain matak njinglarkeun kana bahja gëlap tapi sabalikna, matak ngadeukeutkeun (ngadatangkeun).

Naha hade lamoen oerang ngioehan dina handapeun tangkal kai anoe loehoer, dina waktœ hoedjan anoe dibaroeng koe gëlap dordar?

Poegoeh bae teu hade mah, malah oelah pisan; sabab kalakoean kitoe teh matak ngarisikeun. Ongkoh di loehoer geus disëboetkeun, jen barang anoe loehoer teh deukeut sarta babari pisan kana disambërna koe gëlap.

Djalma anoe ngioehan dina kandapeun kai anoe loehoer waktœ aja kilat, asoep kana paribasa: iwak nangtang soedjen.

Masing ingët, oerang oelah pisan leumpang dina tẽmpat rata anoe teu aja tatangkalan loehoer.

Lamoen oerang kahoedjanan di sawah atawa di aloen-aloen, sarta waktœ harita teh gëlap dordar, leuwih hade oerang boeroe-boeroe balik bae.

Oepama djaoeh teuing ka imah, poma oelah pisan nangtoeng di tẽmpat anoe teu aja tatangkalanana, sabab lamoen oerang leuwih loehoer ti batan barang² noe sedjen, bisa djadi disambër gëlap.

Panghadena oerang koedoe neangan tẽmpat pikeun ngioehan anoe harandap.

Djalma anoe di djero imah waktœ gëlap dordar, oelah pisan tjitjing di handapeun barang beusi, kajaning: kakait lampoe gantoeng djeung salianna.

Sabab lamoen imahna disambër koe gëlap, electriciteitna téroes mapaj lampoe atawa kakait tea (ingët: beusi bisa ngadjalankeun electriciteit), tangtoe djalma anoe aja di handapeunana atawa noe deukeut ka dinja miloe disambër; tapi lamoen rada djaoeh mah hẽnteu sabaraha matak njilakakeunana.

VI. Oerang oge tangtoe njaho, hënteu sabaraha lilana ti mëntas aja goerilap, oerang sok ngadenge aja sora ngabëlëdag atawa ngagëlëgër, lain?

Sora naon eta teh? Naha sora djoerig atawa sora gëláp? Djeung naha ari sora teh beunang ditërangkeun sabab-sababna anoe saénjana?

Ieu di handap koe koela rek ditërangkeun, naon sababna noe matak aja sora.

Naon ari noe ngadjadikeun sora teh?

Oepama oerang nabeuh goong atawa bënde rada tarik, toeloej diawoeran keusik lëmboet, eta keusik tangtoe laloentjatan saperti anoe keur adjroeg-adjroegan.

Kawat rêbab atawa biola dikeset koe pangesetna atawa didjëntrengkeun koe ramo, eta kawat tangtoe ngagëtër; lamoen ngagëtërna eureun, tangtoe sorana oge eureun.


Lamoen eta kawat diteundeunan kërta meunang ngalipët-lipët (soepaja babari obah, eta kërta anoe meunang ngalipët tea oelah dikapoet atawa ditalian), salilana eta sora kadenge mah, kërta teh toeroen-naek bae (adjol-adjolan). Ieu di handap aja gambar anoe dingaranan „stemvork” didjieunna tina wadja, lamoen ditakolkeun kana medja atawa kana barang noe sedjen, eta stemvork teh ngagëtër; oepama gagangna diantëlkeun kana medja, kakara sorana kadenge koe oerang.


Eta sora sok dipake patokan koe djalma anoe rek mënjanji.

Hoentoena eta stemvork aja doea, anoe hidji toeng-toengna lantjip.

Hoedjan djeung gëláp.

Lamoen oerang hajang njaho, jen kadjadian sora teh tina ngagětěrna barang, lian tina make stemvork, beunang oge koe beusi ipis anoe meunang ngabaloer koe arėng.





Eta stemvork koe oerang takolkeun heula kana medja, sanggeus kitoe toengtoengna diadëkkeun kana beusi ipis anoe beunang ngabaloer koe arëng tea, tapi sing rada anggang; geus kitoe eta beusi ipis teh tarik sing gantjang, tangtoe koe oerang katendjo goerat tapak stemvork dina eta arëng, barengkok siga pisan hoentoe simeut.

Pértjobaan anoe di loehoer tadi, netelakeun, jen kawat rëbab, keusik dina goong (bëndé), kértas dina kawat rëbab djeung toengtoeng stemvork teh kabéh ngagëtér satoengtoeng aja keneh sorana mah.

Hal ngagëtérna barang-barang dina waktöe disada, beunang oge ditërangkeun atawa diboektikeun koe barang-barang noe sedjen, tapi tatjan tangtoe babari ditërangkeunana.

Ieu di handap ditërangkeun anoe leuwih tërang:

Sora teh kadjadian tina barang anoe ngagëtér. Oe-pama oerang mëntang kawat sing këntjeng, têngah-tengahna koe oerang tarik ka loehoer atawa ka handap, geus kitoe leupaskeun, tangtoe eta kawat ngagëtér.

Goong oge lamoen koe oerang ditakol, tangtoe nga-gëtër, dj.s.t. Lamoen hënteu ngagëtër tangtoe mo aja sorana.

Goong, kawat rêbab djeung stemvork anoe keur disada, lamoen koe oerang ditjékël, tangtoe sorana eureun, sabab ngagëtërna eta barang koe oerang ka-eureunkeun.

Hawa oge sok ngagëtër. Lamoen oerang mëkaskeun bédil, tangtoe pisan di djërona kaasoepan koe hawa (gas) anoe asalna tina obat anoe hoeroeng.

Koe lantaran koetjoeboeng bédil tea leutik, ari gasna loba, atoe tangtoe pisan madjoena oge leuwih tarik, ngadjédjék hawa noe aja di loeareunana. Lamoen eta hawa geus ka loear, tangtoe hawa anoe ti A djeung ti B balik deui ka oeroetna sarta sili sèdèkkeun, pa-tarik-tarik. Kitoe sababna anoe matak hawa sok nga-gëtër.



Oerang tangtoe ingët kenéh kana hal goong anoe keur ditakol atawa kana stemvork anoe ditakolkeun kana medja.

Sora bédil djeung gélap oge saroea bae djeung eta, sababna mah, ngan aja bedana saeutik-eutikeun.

Di loehoer tadi geus ditërangkeun, jen seuneu teh asalna ngan sakoenang, tatapi koe lantaran gantjang ngagoerilapna, nêpi ka ngadjadikeun saperti goerat anoe pandjangna 100 M.

Kilat atawa seuneu teh gantjang pisan meulahna hawa; koe lantaran panjoeroengna eta seuneu, hawa teh ngagëtër, kitoe sababna noe matak sok aja gëlap atawa goeloedoeg (goegoer).

Sora gëlap tara tereh-tereh eureunna, tapi beuki lila beuki këndor djeung beuki djaoeh kadengena, lir barang boeleud digorolongkeun.

Lamoen sora ngadoepak hidji barang, eta barang teh sok miloe ngagëtër deui bae, tapi eta sora toeloj disoeroengkeun deui koe hawa ka tēmpat sedjen, siga bal dibaledogkeun kana bilik. Sora anoe balik deui dingaranan *aweuhan*.

Sanadjan kadjadianana goeloedoeg teh barëng djeung kilat, tapi koe lantaran kagantjanganana kilat, djadi roepana teh kilat anoe ti heula, pedah anoe pangheulana katendjo koe oerang.

Sora leumpangna dina sasëkon 330 M. Oerang bisa nganjahokeun djaoeh-deukeutna gëlap ti oerang, koe milang ti antara nendjo kilat djeung ngadenge sorana.

Di mana oerang nendjo kilat, toeloj oerang ngitoeng: hidji, doea, tiloe; lamoen lëbah tiloe koe oerang geus kadenge sorana, djadi djaoehna antara gëlap djeung oerang teh $3 \times 330 \text{ M} = 990 \text{ M}$; lamoen kitoe oerang teu koedoe sieun² kasambër, da djaoeh ti oerang.

Oepama mimiti oerang nendjo goerilap sarta koe oerang diitoeng djaoehna 990 M, teu lila nendjo deui djaoehna 1320 M, toeloj 1650 M, djadi tetela pisan

jen eta goerilap teh beuki lila beuki djaoeh ti oerang. Lamoen kitoe oerang teu koedoe sieun.

Tapi lamoen eta kilat koe oerang diitoeng beuki lila beuki ngadeukeutan, pěrloe oerang boeroe² njingkah ti eta tēmpat, pikeun ngadjaoehan bahja noe bakal datang.

VII. Sanadjan oerang geus rēmēn nendjo kilat atawa ngadenge gėlap djeung goeloedoeg oge, tapi ana kabēnėran ngadenge deui eta sora mah sok aja bae sieunna. Koe lantaran kitoe teu matak heran lamoen aja djalma anoe neangan katėrangan, naon sababna anoe matak aja kilat djeung gėlap; tapi sanadjan kitoe oge oerang oelah waka oedjoeg² pėrtjaja bae kana katėrangan djalma anoe koerang kanjahona, karna djalma noe kitoe mah loeang loembrahna sok make sabab² tjarita djaman baheula, anoe teu matak kaharti koe akal.

Ieu di handap koering rek njaritakeun kapėrtjajaanana oerang Djawa Tėngah, kana hal gėlap.

Noeroetkeun kapėrtjajaanana djalma loba, gėlap teh bangsa djoerig, sarta rėsėp ngaheureujan djėlėma. Ari lobana hėnteu kaitoeng, malah aja hidji kapalana anoe minangka djadi radjana.

Gėlap teh boga moesoeh anoe sok disėboet djoerig goendoel. Koe bawaning katjida geuleuheunana gėlap teh ka eta djoerig goendoel, djadi salawasna dioedag-oedag bae sarta dibėdilan.

Hal ieu koe kaoela teu pěrloe ditjaritakeun pandjang, sarerea oge tangtoe ngarti kateu-bėnėranana.

Tadi di loehoer geus ditetelakeun, jen gėlap teh asalna tina patjampoerna doea roėpa electriciteit.

Djadi lamoen aja djalma anoe përtjaja jen gëlap teh djoerig, eta hidji tanda, jen manehna teh djalma bodo sarta borangan.

Tapi ënggoning kitoena teh nja moenasabah bae, lantaran manehna hënteu ngarti kana kakoeatan kilat (electriciteit).

Kapërtjajaan djalma anoe kasëboet tadi tea nëpi ka djadi adat kaloembrahan, malah nëpi ka ngadatangkeun roepa² sarat pikeun ngadjaoehkeun atawa ngadjaga katjilakaan koe lantaran disambër gëlap.

Adat djeung sarat kitoe teh toeg ka kiwari masih loba keneh anoe marake.

Ari sarat anoe ilahar dipake pikeun ngadjaoehkeun atawa ngadjaga eta katjilakaan teh, kieu: lamoen aja anoe nendjo kilat, koedoe geuwat ngomong: „Gandëri! Ieu aing anak-intjoena Kiai Agëng Selo!”

Noeroetkeun tjarita djalma baheula, eta omongan teh asalna roepa², sapërti anoe kasëboet ieu di handap.

Keur waktoe Kiai Agëng Selo matjoel di sawah, oedjoeg² gër bae hoedjan gëde pisan dibaroeng koe angin boela-bali djeung gëlap dordar; teu lila andjeunna ningali aja hidji sato anoe roepana matak gila, ari ngaranna wallohoe‘alam!

Kiai Agëng Selo njangka, jen teu sak deui eta sato teh gëlap anoe mindah roepa djadi sato; sabab kitoe pamakena lamoen eta gëlap rek njambër djëlëma.

Toeloej eta sato koe andjeunna ditewak sarta ditalian pageuh pisan.

Ari eta sato teh saënjana radja ti sakabeh gëlap, sarta sakti ngaleuwihan ti gëlap² noe sedjen; tatapi

waktöe harita bisa oge katangkép, lantaran Kiai Agëng Selo kasaktianana leuwih ti manehna.

Eta gëlap teu bisa leupas tina panjangtjangna, lila⁹ toeloej manehna hatoeran ka Kiai Agëng Selo, menta ampoen soepaja dileupaskeun deui.

Tatapi Kiai Agëng Selo teu aja pisan manah karoe-nja soemawonna rësëp kana eta sato, lantaran emoet kana kagorenganana sok nganiaja ka poetra-poetoena, malah toeloej diasoepekeun kana hidji koeroengan, disanggrakeun ka Kangdjëng Soeltan Dëmak.

Lain ratoes tapi rewoe djalma anoe laladjo eta sato.

Kangdjëng Soeltan ngalarang pisan ka sakaer anoe laladjo, oelah mawa tjai kana deukeut koeroengan eta gëlap, sabab lamoen eta gëlap kabandjoer koe tjai sanadjan saeutik oge, sok toeloej djadi deui sakoemaha asalna tadi sarta ngaroeksakkeun koeroenganana.

Dina hidji mangsa aja hidji nini-nini (saënjana eta nini-nini teh pamadjikan gëlap anoe keur dikoeroeng tea), njampeurkeun arek laladjo sarta mawa tjai sakëndi hënteu kanjahoean koe djalma anoe ngadjaga.

Tjai anoe sakëndi tea toeloej koe manehna dibandjoerkeun ka salakina; harita keneh eta gëlap djadi gëde teu kira-kira sarta koeroengna roesak adjoer djadi lëboe, ari gëlapna leungit tanpa lëbih ilang tanpa karana, ngan sorana bae anoe kadenge teh, ngadjëgoer lir goenoeng oeroeg, matak reuwas ka sakoer anoe ngadenge.

Ti waktöe harita eta gëlap teu kira-kira sieuneunana koe Kiai Agëng Selo katoet poetra-poetoena.

Koe lantaran eta, lamoen eta gëlap ngadenge sora djalma anoe njambat kieu: „Gandëri, ieu aing poetra-

poetoe Kiai Agëng Selo", toeloej bae loempat tarik, hënteu wanieun nganiaja ka eta djalma.

Ieu tjarita katjida pisan aloesna lamoen ditjaritakeun ka baroedak, tatapi lamoen koe oerang dipikir ënja-ënja, tangtoe oerang njangka: „Sageuj kitoe!”

Tadi di loehoer geus ditjaritakeun, malah koe oerang beunang didjadjal atawa ditendjo, jen goerilap teh asalna tina patjampoeran doea roepa electriciteit. Pirakoe, moestahil, seuneu atawa electriciteit sieuneun koe omongan: „Gandëri”, djeung lian ti eta.

Djaba ti eta, lamoen koe oerang dibandingkeun djeung katërangan anoe kasëboet di loehoer tadi, asa moestahil, sageuj, gëlap bisa mindah roepa ngaroepakeun sasatoan. Teu kaharti, eta mah!

Lamoen aja noe ngomong, jen manehna bisa njëkël seuneu sarta ditalian koe saboekna, tapi teu sakarakara, eta djalma anoe ngomong kitoe teh lamoen hënteu niat ngaheureujan ka oerang, tangtoe manehna rada koerang ingëtanana (rada gelo), sabab omonganana teh hënteu kadjadian sopopoë; pantës pisan eta djalma noe ngomong kitoe teh koe oerang disëboetkeun edan atawa owah akalna.

Omongan eta djalma saroea pisan halna djeung dongeng Kiai Agëng Selo, sabab doeanana saroea pada njaritakeun njëkël seuneu, ngan doeka seuneu dina kërëkan, atawa dina paneker, karana teu aja bedana, saroea pada seuneu.

Koe sabab eta tjek ingëtan koering mah, tjarita Kiai Agëng Selo teh teu beunang dipërtjaja, ngan aloes sarta tęgëp pikeun kasoekaan baroedak bae.

Aja deui hidji dongeng anoe meh saroea djeung tjari-rita kiai Agëng Selo; ieu tjari-rita asalna ti afdeeling Poerworëdjo sabeulah kidoel.

Kieu tjari-ritana teh:

Djaman baheula waktos Kiai Kolo Bëntjok matjoel di sawahna, langit katembong mendoeng; henteu lila gër bae hoedjan angin gëlap dordar anoe pohara tea, malah aja hidji tangkal kandëri dipanah gëlap; tatapi eta gëlap teu kira-kira apësna, lantaran manehna njëlap dina dahan eta kai nëpi ka teu bisa walakaja deui.

Kiai Kolo Bëntjok njampeurkeun kana eta tangkal kai.

Barang geus deukeut toeloej eta gëlap teh ngomong, menta toeloeng ka andjeunna sangkan loepoet tina eta balai. Djawab Kiai Kolo Bëntjok: „Hade, maneh koe oerang ditoeloengan, tapi koela aja pamenta ka maneh.”

Gëlap ngomong deui: „Naon pamenta sampean teh?”

Kiai Kolo Bëntjok: „Pamenta kaoela maneh oelah wani² njambër ka kaoela djeung ka anak-intjoe kaoela.”

Pamentana eta Kiai koe gëlap disanggoepan sarta didjangdjian lamoen ëngke aja hoedjan anoe dibaroeng koe gëlap, koedoe geuwat² njëmpilkeun regang kandëri dina tjeuli, soepaja gëlap teh ingëteun kana djangdjina; lian ti eta koedoe njambat kieu: „Kanderi (ganderi) ieu aing anak intjoe Kiai Kolo Bëntjok.”

Ieu dongeng teu koedoe ditérangkeun deui, sabab saroea kenéh djeung dongeng Kiai Agëng Selo, pendekna *moestahil*, toer doeanana oge teu aja mangpa'atna.

Ngan ajeuna oerang koedoe ngingëtkeun sapër-kara bae, nja eta.

Lamoen hidji barang disambër gëlap, oepama tangkal kai atawa sadjaba ti eta, eta barang sok toetoeng atawa hoeroeng siga beunang meuleum bae, ari gëlapna mah teu aja di dinja. Oepama eta seuneu geus pareum, hoeroengna oge hënteu katembong.

Dina dongeng Kiai Kolo Bëntjok geus diséboetkeun, jen gëlap sanggeus njambër tangkal kandëri teh toeloj tjitjing bae lir oepama barang anoe ditewak koe manoesa.

Naha aja, seuneu anoe beunang ditjékël koe manoesa atawa koe sasatoan?

Saratna oerang Banjoemas lamoen gër hoedjan anoe dibaroeng koe gëlap dordar, nja eta oerang koedoe njëlapkeun regang kandëri anoe daoenan keneh kana daoén tjeuli, sangkan oelah disambër gëlap, tjenah.

Ti mana meunangna sarat kitoe teh? Ieu pananja saoréang oge teu aja anoe bisa nérangkeun kalawan sabënërna. Soegan mah baheula aja gëlap anoe geus ngarasa kadémpet koe dahan kandëri, saperti tjek tjarita Kiai Kolo Bëntjok tea. (Ha-ha-ha, teu kaharti koe akal eta mah!!! S. Tj.).

Saénjana tangkal kandëri atawa tatangkalan anoe sedjen oge, teu aja hidji-hidji atjan anoe beunang dipake mégatan gëlap.

Moestahil, sageuj, pirakoe tatangkalan bisa nolak kana patjampoeranana doea roepa electriciteit.

Sarat pikeun ngadjaoehkeun gëlap mah taja lian ngan koedoe ati².

Oelah pisan oerang ngajakeun barang anoe matak narik hawa electriciteit; anoe dipake sarat lain regang kandëri, tapi ingétan (pamanggih) oge.

Ieu di handap ditjaritakeun saratna anoe dipake koe djalma baheula, dina waktœe aja g  lap dordar.

Anoe dipake sarat teh nja eta gantar pamo  an digolerkeun atawa disarandekeun; ari anoe djadi sabab, kieu:

G  lap teh moesoeh setan (djoerig); ari setan r  s  p pisan ngaheureujan ka g  lap, sangkan manehna ngamb  k. Lamoen eta setan dioedag koe manehna, toeloej ngagantoeng dina gantar, lamoen eta gantar h  nteu ngagoler atawa njarande. Lamoen setan disamb  r g  lap, bisa oge djel  ma atawa imah anoe deukeut ka dinja kabarerang.

Aja oge sarat anoe njamboeng kana hal nolak g  lap.

Loba pisan baroedak anoe r  s  p heureuj njotjoo eunteung dieunteungkeun kana tjahaja panonpo  , eta tjahaja disorotkeun kana pag  r, hateup atawa kana beungeut djalma, soepaja eta djalma reuwaseun.

Eta kalakoean kitoe teh h  nteu hade, sabab lamoen g  lap nendjo tjahaja dina pag  r, pangirana, manehna diheureujan koe moesoehna nja eta setan goendoel tea, toeloej bae ngamb  k sarta eta setan teh disamb  r.

Eta setan toeloej loentjat, toengtoengna djalma anoe aja sakentja-katoehoeunana eta eunteung, kasamb  r koe eta g  lap. Koe sabab eta sarat djalma baheula teh ngalarang, teu meunang baroedak njotjoo eunteung kitoe, bisi disamb  r g  lap.

Aja deui hidji p  rkara anoe koe koering rek ditjaritakeun, nja eta, saratna lamoen keur hoedjan, oelah pisan toendjak-toendjoek kana barang anoe tjarang katendjo, malah barang anoe r  m  n katendjo sapopo   oge teu meunang, tjenah! Ari sababna kieu:

Noeroetkeun katérangan djéléma anoe pèrtjaja kana hal bid'ah, koe lantaran gélap teh bisa ngaroepakeun djéléma, sasatoan djeung lian ti eta, djadi lamoen kabènéran ditoendjoek koe oerang, manehna sok ngambèk bari njambér.

Sarat-sarat anoe kaséboet tadi koe oerang teu pèrloe ditjaritakeun pandjang-pandjang, sabab geus tetela pisan jen asalna gélap teh seuneu anoe kadjadianana katembong koe manoesa, nja eta tina patjampoerna doea roepa electriciteit; saroea bae djeung kérékan anoe dikérékkeun kana doesna, atawa tjahaja panonpoé anoe dikoempoeleun koe kakoeatan soerjakanta.

Koe hal eta tetela pisan, jen gélap teh lain djin atawa djoerig, tapi seuneu.

Kapèrtjajaan djéléma anoe njéboetkeun, jen gélap teh djoerig, eta beunang diséboetkeun kapèrtjajaan anoe teu karana sabab (teu aja gawena saeutik-eutik atjan).

Lain moestahil pisan kérékan atawa soerjakanta diséboetkeun aja djoerigan?

Nja ari noe bodo onaman, moenasabah bae rek pèrtjaja atawa sieun oge koe kérékan atawa soerjakanta anoe disangka djoerigan, sabab manehna mah *bodo*!

Koemaha tjelek sangkaan oerang, dina gambar idoepp, hoedjan dj.s.t., aja oge djoerigan?

Lamoen oerang geus ngarti, jen gélap teh saénjana lain djoerig, tangtöe oerang mo pèrtjaja kana tjarita atawa sarat-sarat anoe didongengkeun dina tjarita Kiai Agéng Selo atawa Kiai Kolo Béntjok anoe bisa njérék gélap.

Naha aja oerang Walanda anoe përtjaja kana eta sarat-sarat? Rasa koering 'mo aja!

Naha loba mana, bangsa Walanda djeung Djawa anoe disambër gëlap?

Meureun tjeke oerang loba bangsa Djawa, sabab oerang Walanda mah meh rata-rata pada njarah kana pakakas pikeun njingkirkeun gëlap, anoe dingaranan „palajangan gëlap” (bliksemafleider).

Kanjahona djëlëma anoe përtjaja kana bid'ah, atawa sarat-saratna anoe asalna tina barang-barang anoe moestahil, koe oerang teu beunang dipërtjaja.

Kalolobaanana djëlëma përtjaja atawa migawe kana hidji përkara (sarat) anoe asalna ti djëlëma djaman baheula, tatapi ana disëdëk-sëdëk mah manehna sorangan oge hënteu ngartieun kana eta hal, sabab kabeh oge ngan oekoer dedenge tara atawa toetoeroet moending bae, hënteu dipikir atawa dipariksa soemawonna diboektikeun heula koe manehna.

Koe lantaran eta katërananana oge hënteu beunang dipërtjaja.

T A M A T.

EUSINA:

Katja

Pasal I

Tina hal hoedjan 3

Pasal II

Tina hal gëlap. 20

